# APPENDIX

# APPENDIX I

4.1.1 Conversation I
*Cak* and *Ning* 2002
By: *Cak Nugroho* and *Ning Aulia*

| Perkenalan Cak dan Ning | The introduction of *Cak* and *Ning*. |
|---|---|
| C1: *"Suroboyo kutané, Jawa timur tlataé. Kalo kau dadi kuta pahlawan."* Assalamuallaikum. Good evening ladies and gentlemen. I would like to introduce myself, My name is Nugroho Setyo Utomo I was graduated from s Civil Engineering Department of Sepuluh November Institute of Technology. I have big motivation to develop and to promote our tourism, so I finished my study with my final project title is "Computer Programming for Formula 1 Circuit Design." I have goal to bring that event to promote Surabaya. Nah! Saiki tak kenalno ningku sing pualing ayu. Ayo ning kenalno arammu ning! | C1: *"Suroboyo kutané, Jawa timur tlataé. Kalo kau dadi kuta pahlawan."* Assalamuallaikum. Good evening ladies and gentlemen. I would like to introduce myself, My name is Nugroho Setyo Utomo I was graduated from s Civil Engineering Department of Sepuluh November Institute of Technology. I have big motivation to develop and to promote our tourism, so I finished my study with my final project title is "Computer Programming for Formula 1 Circuit Design." I have goal to bring that event to promote Surabaya. OK! Now, I would like to introduce my beautiful ning. Introduce yourself ning! |
| N1: Nedho nrimo, cak! | |

| | |
|---|---|
| N1: Nedho nrimo, cak!<br>Assalamuallaikum. Yo opo kabare cak barek ning kabeh? Apik-apik wae?<br>Well, I will introduce myself. My name is ning Aulia Fajriah Maryono Supoyo, but you can call me Ning Aulia or just Aulia maybe. Now I'm still studying in Airlangga University Economics Faculty Majoring Management. My motivation joining this competition, I want to get more experience and I wish this experience will help me to get my goal in this future. Thank you. Assalamuallaikum wr.wb.<br><br>**Cak dan Ning diberikan pertanyaan secara acak dan mereka langsung menjawab pertanyaan tersebut.**<br>Q: Surabaya adalah kota terbesar kedua selain Jakarta, maka ada berapa kecamatan yang ada di Surabaya? | N1: Thank you, cak.<br>Assalamuallaikum. How are you doing cak and ning? Are you fine?<br>Well, I will introduce myself. My name is ning Aulia Fajriah Maryono Supoyo, but you can call me Ning Aulia or just Aulia<br>maybe. Now I'm still studying in Airlangga University Economics Faculty Majoring Management. My motivation joining this competition, I want to get more experience and I wish this experience will help me to get my goal in this future. Thank you. Assalamuallaikum wr.wb.<br><br>***Cak* and *Ning* were given two questions which were choosen randomly and they had to answer the questions directly.**<br>Q: Surabaya is the second biggest city besides Jakarta, how many subdistricts in Surabaya? |

| | |
|---|---|
| C1: Songo likur kecamatan, cak. | C1: Twenty-nine subdistricts, cak. |
| N1: Yo, aku yakin karo jawabané cakku rék! Songo likur. | N1: Yes, I'm sure with his answer. Twenty-nine subdistricts. |
| Q: Apakah usulan anda agar seluruh warga Surabaya baik yang ada dikecamatan, kelurahan ataupun RT bangga terhadap kota Surabaya? | Q: What are your suggestions for citizens of Surabaya in Subdistrict, political district, or household district are proud of Surabaya? |
| C1: Ngene cak yo, supaya warga Surabaya itu bangga karo Suroboyo, sing penting saiki opo sing dibanggakno? Sebagai kota pahlawan awaké nduwe berbagai peninggalan bangunan Belanda sing melambangkan kepahlawanan Suroboyo. Suroboyo nduwe hari keramat yoiku tanggal 10 November 1945. Nah, saiki awake wis nduwe poin pertama, Suroboyo sebagai kota nomor 2 sak Indonesia. Sing kedua, sebagai kota Suroboyo. Nah ben awake lebih bangga maneh saiki kudu ditoto maneh Suroboyone ben Suroboyo | C1: Ok! For making citizens of Surabaya feel proud of Surabaya, the important thing is what is being proud of surabaya? As city of Heroes, we have so many buildings that are left by Netherland which symbolize the heroism of Surabaya. Surabaya has a special day on November $10^{th}$, 1945. Now, we have the first thing to be proud is that Surabaya is the second biggest city in Indonesia. Second, Surabaya is the city. So, to make us even prouder, now Surabaya has to be restructured, so that surabaya becomes more comfortable |

| | |
|---|---|
| iku nyaman, aman. Dadi saiki nek awake lungo nang endi, *Ning*, misale neng Jakarta," Awakmu teko endi?", "teko Suroboyo" oh Suroboyo iku resik, Suroboyo iku bebas banjir. Dadi saiki sing kudu dilakokno sing penting noto Suroboyo, Suroboyo sing banjir, Suroboyo sing saiki ono sampahe, Suroboyo sing saiki akeh prostitusine, iku kudu diberantas. Kudu diilangno, lha ben masyarakat sadar awake yo kudu aktif bangkitno kesadaran masyarakat. Misale nggawe penghargaan misale neng antar RT digawe lomba kebersihan, digawe lomba ketertiban iku yo penting utowo nek pengen mbanggakno maneh warga Suroboyo sing aktif mempromosikan objek wisata neng Suroboyo misale dek é iso nggowo wong teko luar negri utowo tonggo-tonggone dhewe misale wong sepuloh dikei televisi utowo nek iso | and more secure. So now, if we go anywhere, ning, such as going to Jakarta, "where are you from?" " I'm from Surabaya." Oh Surabaya is clean, Surabaya is free from floods. So now, The important thing that shoud be done is to restructured Surabaya. The flood in Surabaya that contain trash, prostitusion everywhere shoul be eliminated and omitted. So for making the society realizes about them, we also should be active to raise society's awareness. For instance we create awards such as cleanless award, or law and order award among household district. Because cleanless with law and order are also important factors if we want to be proud of citizens of Surabaya. If we want to be prouder of Surabaya, citizens of Surabaya should be active in promoting tourism objects in Surabaya like if someone can bring foreign or domestic tourists to |

| | |
|---|---|
| nggowo wong satus dikei mobil. Iku *Cak*! Wisata iku bisnis cak, awake yo kudu itung-itungan nek pengen wisatane Suroboyo iku ditingkatno yo kudu dianggep koyok bisnis. Yo iku itung-itungan marketing cak, piro tikete piro sing digawe bonus gawe warga. Iku usulanku, cak! Saiki tak kek no ningku yo. Yo wes ning, ono tambahan gak ning? | Surabaya, the city government of Surabaya should give him or her something as a reward. Say what about a television set if he or she can bring 10 people or a car if he or she can bring 100 people. That's the way, cak! Tourism is a business! If we want Surabaya's tourism to be improved, we think of it as a business. So we must think about the profit and loss before hand. That's the way marketing people think, count how much we will get from the ticket and how much we will spend for the citizen's bonus. That's my suggestion. Now, Let me ask my ning to add something. Ok ning! Do you have something to add? |
| N1: Yo ono seh! Aku tak tambahi sitik wae. Aku lak wedok to. Aku seneng blonjo, ben warga kuto Suroboyo bangga dadi warga kuto Suroboyo, lak saiki kene wes ndelok ono plaza-plaza. Mall-mall, nah | N1: Of course I have. Let me add just a little more. I am a girl, right! I like shopping. To make the citizens of Surabaya even prouder of this city is this. Nowadays, we have seen that there are many plaza, |

| | |
|---|---|
| saranku iki yo opo nek Suroboyo iku didadekno kota belanja sekalian. Dadi ngene lho! Pengusaha-pengusaha kecil dikumpulno didadekno siji nggawe barang-barang sing murah. Dadi Soruboyo iku terkenal "wah, barang-barang neng Suroboyo iku murah, rek!" Dadi nek ono wong-wong sing soko luar negeri, soko luar kota, soko endi-endi ae, neng ngolek barang murah neng Suroboyo. Dadi, "wah, Suroboyo terkenal dengan barang-barangnya yang murah meriah," jadi selain itu juga jadi wisata belanja, yo iku yo dadi penambahan pemasukan bagi pemkot Surabaya. | malls in Surabaya, then my suggestion is what about if we make Surabaya is becomes a shopping city. So that it's like this! we gather all the small enterpreneurs and have them make cheap items. So, Surabaya will be famous and people will say "items in Surabaya are very cheap." So people from out of country, out of city, from anywhere when they want to look for cheap items, they will come to Surabaya. So, "Surabaya is famous for its cheap items." So, the idea is besides it will become a center of shopping tourism. It will also become an extra income for the city government of Surabaya. |
| C1:Tak tambahi maneh oleh kan, cak Awake iku kan terkenal sebagai kota "Indarmardidarpa", kota Industri, Dagang, Maritim karo Pendidikan. Nah, saiki yo opo nyatukno warga, awake nduwe semboyan " Suroboyo is the truly city in | C1: Can I add some more? Surabaya is famous as "Indarnrdidarpa" city which stands for the city of Industry, Merchant, Maritime, and Education. What if to unite the citizens of Surabaya, Surabaya created or made a slogan |

| | |
|---|---|
| Indonesia" nek iso yo "in the world." | "Surabaya is the truly city in Indonesia" and if possible "in the world." |

**Note: C1 = Cak (Male participant)**
**N1 = Ning (Female participant)**
**Q = Question**

UNIVERSITAS KATOLIK WIDYA MANDALA SURABAYA

# APPENDIX II

4.1.2. Conversation II
*Cak* and *Ning* 2002
By: *Cak Krisna* and *Ning Joan*

| | |
|---|---|
| **Perkenalan Cak dan Ning.** | **The introduction of *Cak* and *Ning*.** |
| C2: Assalamuallaikum. Yo opo kabare rek! Sak durunge, mau kan arek-arek koncoku wes ono sing kenalan nganggo Prancis, nganggo Bahasa Inggris, nganggo Bahasa Arab. Nah nang aku nganggo Boso Suroboyo ae, soale kene kan kudu bangga bahasane dhewe, yo gak? Yo wes langsung ae. Jenengku....aranku Cak Krisna. Aku saiki kuliah nok Fakultas Kedokteran Universitas Airlangga semester loro. Mangkane pak bu aku dungano kepilih menang yo! Engkok kabeh hadirin sing nang kene mulih tak suntik gratis. Ngene ning sek....sek....sek... sak durungeriko | C2: Assalamuallaikum. What's up, man? Just before, the others introduce themselves using French, English, Arabic. I will introduce myself using Surabayan, because we should be proud with our own language, right? Well, let's get to the point. My name is Cak Krisna. Now, I go to college at the Medical Faculty of Airlangga University in the second semester. So, mom and dad pray for me so I can be chosen. If I win, I will give a free shot to all the audience here. That's right, ning! Oh wait a minute before you introduce yourself, ning. I have a small rhyme for the |

| | |
|---|---|
| kenalan, aku nduwe parikan titik, yo ning yo? | audience. |
| *"Ono ranyu isine klentung...Cak pitung puluh sing paling ganteng..."* | *"Ono ranyu isine klentung...Cak pitung puluh sing paling ganteng..."* |
| Yo wes ngono ae aku ning. Saiki wayahmu ayo! | Ok, that's all from me. It's your turn now, come on! |
| N2: Nedho nrimo, cak! | N2: Thank you, cak. |
| Yo opo arek Suroboyo? Apik-apik ae? Assalamuallaikum sak durunge yo? Aranku Ning Joan Maria Luoisia Mantiri. Aku kuliah ndok….SMU…ndok…( penonton tertawa). | How are you, people of Surabaya? Are you alright? Beforehand, Let me say assalamuallaikum to you all! My name is Ning Joan Maria Luoisa Mantiri. I go to college at…and went to high school at…(audience laughs). |
| C2: Yo opo she ning! sing temen ta! Gak usah ngguya-ngguyu ngono! | C2: What's the matter, ning? Get serious okay! Stop joking around! |
| N2: Keplecot, sorry. | N2: My mistake, sorry. |
| C2: Yo…yo… | C2: Right…right. |
| N2: Aku kuliah nang Universitas Kristen Petra. Iku lho nang dalan Siwalankerto. | N2: I go to college at Petra Christian University. It's the one on Siwalankerto St. |
| C2: Njopok apo ning nang kono ning? | C2: What major do you take there? |
| N2: Aku njopok Design Komuniksasi | N2: I take Visual Communication Design, |

| | |
|---|---|
| Visual, cak. | cak. |
| C2: Opo she sing dikuliahno ndek kono iku ning? Sek sek sek coba critano! | C2: What kinds of lesson did you take there, ning? Let's hear about it a little! |
| N2: Lho akeh cak! Yo ono poto-poto. Aku lak seneng gaya ta cak. | There are plenty, of course! There are photograpic lessons. Remember that I like to act in front of camera, cak. |
| C2: Yo wes...oh... ngono ta? Ngeplok po'o penonton? Ket mau kok gak ngeplok blas sek. Keplok-keplok!!! | C2: Oh right...oh...that's right! Give an applause audience! |
| **Cak dan Ning diberikan pertanyaan secara acak dan mereka langsung menjawab pertanyaan tersebut.** | ***Cak* and *Ning* were given questions randomly and they had to answer the questions.** |
| Q : Apakah anda tau Dolly? Dimanakah Dolly itu? | Q: Do you know Dolly? Where is it? |
| C2: Yo ngerti. Dolly iku nang kono lho... | C2: Of course, Dolly is right around there... |
| N2: Nang Dukuh Kupang kono lho, cak. | N2: On Dukuh Kupang, cak. |
| C2: Iyo nang kono. | C2: Yes, it's right there. |
| Q : Dolly, PSK liar di Panglima Sudirman, Narkoba,AIDS dan pergaulan bebas adalah | Q: Dolly, Sudirman St. illegal prostitute, drugs, AIDS, and free sex are the ugly side |

| | |
|---|---|
| wajah buruk kondisi sosial di Surabaya. Bagaimana pendapat anda? | of the social condition in Surabaya. What do you think of it? |
| C2: Ngene yo. Sakjane Dolly iku nek menurutku gak iso buyar iku. Pak Walikota, Dolly niku mboten saget buyar,pak. Soale ngene, sek sek sek ibarate ngene saiki ono konsumen mesti ono produsen dadi Dolly iku iso buya nek gak ono om-om hidung belang ambek tante-tante sing rodho gatel iku lho. Tapi nek menurutku yo ngene, Dolly iku sing apik yo ngono iku yo dilokalisasi trus mbok ngono ngkok dikeki penyuluhan-penyuluhan yo opo she pentinge ngene? Nek iso kabeh PSK diajak mbalik neng dalan sing bener ngono lho, nggeh Pak Walikota? Ngono mari ngono dikeki penyuluhan kesehatan opo she bahayane berhubungan seks, berganti-ganti pasangan iku? Yo iso kenek AIDS, kenek siphilis, kenek opo iku? Gonorho iku ning yo? | C2: Rght-right. Dolly, in my opinion, cant't be closed. Mr. Major, Thou can't close Dolly, sir. It's because, wait-wait, imagine this when there is a buyer thre is a seller, so Dolly can be closed when there are not any sex maniacs and bitchy nympho(women sex maniac) anymore. But what I think is Dolly will be better when not just the prostitutes are localized but afterwards, They are given briefings about what is more important? If possible all the prostitutes are given a chance to repent or atone for their sins, so they may return to the right path, right Mr. Major? And after that, they will be given the briefings on the danger of having sex, especially, sex with multiple persons. They could get AIDS, siphilis, and what's that? Gonorhea Ithink, right ning? |

| | |
|---|---|
| N2: Yo… | N2: Yup. |
| C2: Yo wes ngono ae. Yo opo ning pendapatmu, ning? | C2: Well, That's about it. What do you think, ning? |
| N2: Ngene lho cak nek aku yo? Nek peno lak sing positif eh sing negatif yo toh? | N2: In my opinion is like this.You chose the positive, eh the negative side, right? |
| C2: Yo…. | C2: Right. |
| N2: Nah nek aku sing positif é. | N2: Then, I'll choose the positive side |
| C2: Yo opo positif é? | C2: Positive side? Like what? |
| N2: Ojo salah lho cak. Dolly iku terkenal sak Asia Tenggara iku nomer loro, lho cak. | N2: Don't be mistaken, cak! Dolly is the famous all over South East Asia as the second biggest prostitution localization. |
| C2: Lho lho lho… Dolly né. Surabaya iku terbesar sak Asia Tenggara? | C2: Wait a minute… Surabaya's Dolly is the biggest in South East Asia? |
| N2: Iyo Suroboyo terkenal gara-gara Dolly, cak. Tapi ngene…tapi tetep ae awake gak setuju iyo toh? | N2: Yes, Surabaya is famous because of Dolly, cak. But that's…I think we still disagree, right? |
| C2: Iyo. | C2: Right. |
| N2: Tetep prostitusi, nek iso yo bener cak, digawe penyuluhan ato dikeki ketrampilan-ketrampilan. | N2: Well, it's still prostitution just like you said if possible they are given briefings or some skills. |
| C2: Contohé opo ketrampilan iku ning? | C2: What kinds of skill do you have in |

| | |
|---|---|
| Wong yo kerjone bisane yo "ngono iku." | mind, ning? Isn't their work more or less just "doing that." |
| N2: Waduh cak...cak...nek iso "ngono iku" gampang cak! Tapi ketrampilan sing halal ngono lho maksudku. | N2: Wait a minutes, cak... if it's just "doing that", it's easy, cak! But what I'm talking about is legal skills. |
| C2: O....iyo misale koyok buka jahit ngono ta! Buka salon. | C2: oh right. Like for instance the skill to open a tailor, right? Or a barbershop. |
| N2: Iyo buka salon. Nedho nrimo. | N2: yes, that's right, opening a barbershop. Thank you. |
| C2: Sek aku ono parikan. | C2: Wait, I have a rhyme. |
| N2: Aku sek yo cak? | N2: I'll go first, okay cak! |
| C2: Yo wes monggo... | C2: Fine then.... |
| N2: *"Klopo enom digawe jadah... klopo tuwek digawe tetel..."* | N2: *"Klopo enom digawe jadah... klopo tuwek digawe tetel..."* |
| C2: Uenak iku ning! | C2: That's delicious, ning! |
| N2: *"Rabi enom cak... aku gak betah... rabi tuwek..."* | N2: *"Rabi enom cak... aku gak betah... rabi tuwek..."* |
| C2: *"Watuke ngekel."* Ngono ta ooo.. | C2: *"Watuke ngekel."* O...it's like this right? |
| N2: Iyo. Lho sampeyan cek pintere, cak! Sek sek ono maneh. | N2: Right. Wow, you're very brilliant, cak. Wait-wait there is more. |

| | |
|---|---|
| C2: Ono maneh ta?<br><br>N2: Iyo cak!<br><br>*"Ono kepiting mrambat neng Wonoayu"*<br><br>C2: Adohe nang Wonoayu.<br><br>N2: Iyo cak! *"Sing klambi pink sing paling ayu."*<br><br>C2: Oh...dadi kene mau pasangan seng paling ganteng ambek sing paling ayu ngono ta?<br><br>N2: Iyo.<br><br>C2: Yo wes saiki tak ngekeki parikan kanggo bapak ibu jurine ben ora ngantuk lan ora opo? Tegang ngono yo? Ngene-ngene...<br><br>*"Ono wit turi pinggire pager...bapak ibu juru nek mbiji sing bener..."* | C2: There'is more?<br><br>N2: yes, cak.<br><br>*"Ono kepiting mrambat neng Wonoayu"*<br><br>C2: Wonoayu? Well, that's far!<br><br>N2: That's right! *"Sing klambi pink sing paling ayu."*<br><br>C2: so, we're the most handsome and pretty couple, right?<br><br>N2: Yup.<br><br>C2: Well, then now, I'll give a rhyme for the judges. So, they won't be sleepy or what? Oh yes, won't be tense right? Here goes...<br><br>*"Ono wit turi pinggire pager...bapak ibu juru nek mbiji sing bener..."* |

**Note: C2 = Cak (Male participant)**
**N2 = Ning (Female participant)**
**Q = Question**

# APPENDIX III

4.1.3. Conversation III
*Cak* and *Ning* 2002
By: *Cak Trayan* and *Ning Lisa*

| **Perkenalan Cak dan Ning.** | **The introduction of *Cak* and *Ning*.** |
|---|---|
| C3: Assalaamuallaikum wr.wb. | C3: Assalamuallaikum wr. wb. |
| Kenalno aranku Cak Trayan. Aku saiki kuliah nok Universitas Airlangga Fakultas Kedokteran Hewan semester wolu. Wes semene ae. Tak kenalno saiki ningku sing paling ayu iki, ayo ning! | My name is Cak Trayan. Now I go to college at the Veterinarian Faculty of Airlangga University. That's all from me now let me introduce my very beautiful ning, come on ning! |
| N3: Nedho nrimo, cak. | N3: Thank you, cak. |
| Assalamuallaikum wr.wb. | Assalamuallaikum wr. wb. |
| Kenalno cak, aranku Ning Lisa. Omahku ndok Dukuh Kupang Timur. Saiki aku kuliah nang Ubaya Jurusan Farmasi. Wes sak mono ae. Nedho nrimo. | Let me introduce myself , my name is Ning Lisa. I live on Dukuh Kupang Timur. Now I go to college at Ubaya Majoring Pharmacy. That's all. Thank you. |
| Assalamuallaikum wr.wb. | Assalamuallaikum wr.wb. |

| | |
|---|---|
| **Cak dan Ning diberikan pertanyaan secara acak dan mereka langsung menjawab pertanyaan tersebut.** | ***Cak* and *Ning* are given questions and the have to answer it directly.** |
| Q: Bagaimana menurut anda menjadikan kota Surabaya terkenal didunia seperti Bali Karena selama ini orang luar selalu tahu Bali bukan Indonesia? | Q: According to you, how to make Surabaya becomes famous in the world like Bali because so far foreigners have always known Bali and not Indonesia? |
| C3: Tak jawabe yo ning yo. Sing pertama-tama, aku kudu nontok Suroboyo iku bedo karo Bali. Bali iku ancene pantaine apik, opo maneh pantai Kuta Bali. Nah nang Suroboyo iku berhubung pantai Kenjeran iku wes gak iso apik maneh, trus aku saiki mikir opo sing sing apik teko Suroboyo iki. Lha aku ngusulno nang Suroboyo iki ditonjolno makanan daerahe, koyok semanggi Suroboyo, lontong balap ambek rujak cingur. | C3: Let me answer it ning. First of all, I must look at Surabaya in a different perspective than Bali. Bali has beautiful beaches, especially Kuta Beach. So, Because Surabaya's beach for example Kenjeran doesn't have beautiful scenery, now I'm considering which is the good part of Surabaya. So, I suggest for this city to promote its traditional food, like semanggi Suroboyo, lontong balap, and rujak cingur. |
| N3: Aku yo setuju karo cak ku, cuma aku arep nambahi titik. Ngene yo, Suroboyo iku sssupoyo ben terkenel neng dunia | N3: I agree with my cak, but I would like to add some more. It's like this, if Surabaya wants to be famous in the international |

| | |
|---|---|
| international, sing pertama, gak usah neko-neko, wes ayo podho kabeh ngeresiki kampunge dhewe-dhewe. Ngkok lek Surabaya wes resik, otomatis wisatawan lak gelem mrene to! Trus seng keloro ndadekno Suroboyo iki daerah sing bebas narkoba. Ngene cak aku nduwe parikane:<br>" *Godong koro ono bak klopo, Iwak sisik melu nahkoda.*<br>*Suroboyo cak dadekno kota bebas narkoba"* | world. First of all, all we need is to clean our own homes. When Surabaya is already clean, the tourists will automatically come by themselves! The secondis to make Surabaya a drug-free area. I have a rhyme for that.<br>" *Godong koro ono bak klopo, Iwak sisik melu nahkoda.*<br>*Suroboyo cak dadekno kota bebas narkoba"* |
| Q: Bagaimana dengan Panglima Sudirman, disitu banyak sekali PSK yang berjajar. Apakah kota Surabaya tidak ditawarkan seperti hanya Pattaya? | Q: What about Panglima Sudirman St. There's a lot of prostitutes there! Do you think Surabaya is being offered just like Pattaya? |
| C3: Nek menurutku yo, aku iki isin nontok PSK-PSK nok pinggir-pinggir dalan iku, tapi yo opo maneh, ning. Opo PSK-PSK iku ancene isoe mek ngono tok soale pendidikane rendah. Mari ngono nang Suroboyo iki lak uripe larang-larang dadi | C3: Well, the way I see it now, I'm embrassed to watch those street-side prostitutes, but what else can we do, ning. Are those prostitutes can only do that kind of things because of their low education? I don't know. After all, it is not cheap to live |

| | |
|---|---|
| yo amu gak mau yo berhubung gak ono keahliane yo ndodol awake dhewe meskipun dilarang agomo. | in surabaya. Whether they like it or not, their only skill is prostituting so that is their daily job although it is prohibited by religion. |
| Q: maksudnya setuju tidak Surabaya dijadikan kota prostitusi? | Q: So, do you agree or not with any plan of making Surabaya as a prostitute city? |
| C3: Ora, aku gak setuju. Yo iku maeng berhubung PSK gak nduwe keahlian opo-opo, yo ancene isoe mek ngedol awake tok. Yo iku sing salah lanange pisan lapo kok gelem iku lho. | C3? No, I don't agree. Just like what I said before, because the prostitutes have no skill at all, they can only sell their bodies. Well, it's not just their fault but also the men who want to be with them. |
| N3: Ngene-ngene sek cak aku nambahi titik. Ngene lho cak! mumpung saiki yo awake dhewe kumpul-kumpul nang kene. Saiki iki nang kene iki akeh lho wong Suroboyo nang kene iki ndelok awake dhewe. Di delok Pak Walikota maneh. Ngene nek menurutku Suroboyo iku iso bebas teko prostitusi lek opo, para PSK iku dikeki kesempatan kerjo. Dadi ngene awake dhewe kabeh iki nduwe impian lek | N3: Wait-wait. Let me add some. It's like this! Now, we have agreat opportunity while we are all here and there are a lot of Surabaya citizens watching here. This is a great opportunity for us to say our opinion. What I think is to make Surabaya free from prostitutes, we need them some working opportunities. So now all of us have a dream, f it may the new mayor can make a program to provide some skill for the |

| | |
|---|---|
| iso yo walikota sing anyar iki nganakno program gawe membekali ketrampilan para PSK. Dadine PSK iku gak nyambut gawe dadi PSK maneh. | prostitutes. So They won't work as the prostitutes again. |
| C3: Kok sek! Aku nduwe parikan, cak! | C3: Wait! I have a rhyme cak! |
| *"Tanggal telung puluh siji dino ulang tahune Suroboyo. Mlaku-mlaku nang pasar Keputran tuku telo. Aranku Cak Trayan nomer suwidak loro. Duangakno rek! Ben dadi Cak Suroboyo."* | *"Tanggal telung puluh siji dino ulang tahune Suroboyo. Mlaku-mlaku nang pasar Keputran tuku telo. Aranku Cak Trayan nomer suwidak loro. Duangakno rek! Ben dadi Cak Suroboyo."* |
| Wes cak ngono. | That's all cak. |

**Note: C3 = Cak (Male participant)**
**N3 = Ning (Female participant)**
**Q = Question**

PERPUSTAKAAN
Universitas Katolik Widya Mandala
SURABAYA